Г.Зарымбетова

# БАСЛАЎЫШ БИЛИМЛЕНДИРИЎДЕ ОҚЫТЫЎДЫҢ ЗАМАНАГӨЙ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАРЫН ЕНГИЗИЎ ЖОЛЛАРЫ

*(оқыў-методикалық қолланба)*



ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК
ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

Г. Зарымбетова

# БАСЛАЎЫШ БИЛИМЛЕНДИРИЎДЕ ОҚЫТЫЎДЫҢ ЗАМАНАГӨЙ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАРЫН ЕНГИЗИЎ ЖОЛЛАРЫ

*(оқыў-методикалық қолланба)*

Н Ө К И С - 2017

*Дүзген:*
*Зарымбетова Гулзира Көшербаевна* - Баслаўыш тәлим кафедрасы оқытыўшысы

Бул оқыў-методикалық колланба тексти бакалавр бағдары 5141700 «Баслаўыш тәлим хәм спорт тәрбиялық ис» тәлим бағдары талабалары ушын мөлшерленген болып, улыўма педагогикалық билим дәрежесин кеңейтириў менен бирге, оларға баслаўыш билимлендириўде заманагөй педагогикалық технология максет хәм уазыйпалары, педагогикалық технология түсиниги, оқыў системасында жаңаша метод хәм формаларға қойылатуғын заманагөй талаплар. Өзбекстан Республикасында билимлендириўин раўажландырыў хәм кадрлар таярлаўдың миллий дәстүри, педагогикалық технологияда илимий-теориялық жақтан жандасыў, билимлендириў системасында педагогикалық технологиялар хаққында мағлыўматлар бериў нәзерде тутылады.

ЖУЎАПЛЫ РЕДАКТОР:

С. Шыниазарова – Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Баслаўыш тәлим» кафедрасы баслығы, филология илимлериниң кандидаты.

ПИКИР БИЛДИРИЎШИЛЕР

И. Алланязов – К.Убайдуллаев атындағы Республикалық педагог кадрларды қайта таярлаў хәм қәнигелигин арттырыў институты, педагогика илиминиң кандидаты, доцент.

С.Сайтбекова – Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Баслаўыш тәлим» кафедрасының оқытыўшысы, педагогика илимлериниң кандидаты.

Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Илимий - оқыў-методикалық Кеңесиниң 2017-жыл 14-март күнги мәжилиси қарары менен баспаға усыныс етилген. (№ 5 санлы баянлама)

# КИРИСИЎ

Жасларды оқытыў хәм тәрбиялаў сыяқлы қыйын мәселелерин табыслы шешиў оқытыўшының идеялық исеними, профессионаллық шеберлиги, билимданлығы, мәдениятына байланыслы. Заманагөй педагог оқыўшыға тәсир етиў, оның исенимин, қызығыўын хәм имканиятларын қәлиплестире билиўи керек. Демек заманагөй мектепке жоқары мағлыўматлы, актив, излениўшен, устаз-педагог керек.

Тәлим-тәрбия ислеринде пайдалы нәтийжелерге ерисиў ушын педагог өз иси хаққында анық ойлаўға ийе болыўы керек. Ол бир неше қыйын, бирақ төмендеги сораўларға анық жуўапларды бериўи лазым: Педагогикалық процесстиң мәниси не? Балаларға нени үйретиў хәм қандай оқытыў зәрүр? Оларға қандай жеке пазилетлерди қәлиплестириў керек? Оқытыўшылардың оқыў хәм социаллық хызметин қандай басқарыў мүмкин? хәм т.б.

1997-жылы қабыл қылынған «Билимлендириў хаққындағы нызам» хәм «Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы» жоқары билимлендириў хызметкерлери алдына оқытыўдың жаңа форма, мазмун хәм усылларын қолланыў ўазыйпаларын қоймақта. Бул бүгинги күн талабларының жетик қәнигe болып жетисиўлери зәрүрлигин пайда етеди.

Соның ушын жәмийетимиз, мәмлекетимиз, турмысымыздың өзи заманагөй қәнигениң шахсына, оның кәсибиндеги таярлығына жоқары талапларды қоймақта. Хәммеге мәлим болғанындай, баслаўыш класс оқытыўшысы мектеп оқыўшысына ең зәрүр болған билимлер тийкарларын қәлиплестиреди, оларды оқыўға, жазыўға хәм санаўға үйретеди.

Буннан тысқары бир нәрсени есапқа алыўымыз керек - заманагөй педагогикалық минезлемисинде оқытыўшының «технологияласыў» өзине тән жаңа талап сыпатында өз орнын тапқан. Ол тәлим-тәрбия процессиниң нәтийжелилигин хәм илмийлигин жаңа сыпат дәрежесине көтерилгенлигин белгилеп береди.

Технологияласыў - бул педагогикалық процесстиң техникалық хәм методикалық қуралланған яки инструменталлық дәрежесин белгилеўши радикал көрсеткиши. Бизиң пикиримизше, барлық оқытыўшылар педагогикалық технологияларды тереңирек ийелеўи шәрт.

## Баслаўыш билимлендириўде заманагөй педагогикалық технология пәни, мақсети хәм ўазыйпалары

1.Баслаўыш билимлендириўде заманагөй педагогикалық технология предмети, тийкарғы түсиниклери хәм кәсиптеги әхмийети.

2.Баслаўыш билимлендириўде заманагөй педагогикалық технологияның мақсети хәм ўазыйпалары.

3.Баслаўыш тәлимде билимлендириўде заманагөй педагогикалық технология пәнинин баска пәнлер менен өз-ара байланыслығы.

**Таяныш түсиниклер:** Тәлим-тәрбия, педагогикалық технология, педтехника, пәнлер менен байланысы.

**Беккемлеў ушын сораўлар:**

1.Педагогикалық технология дегенимиз не?

2.Педагогикалық технология түсиниги илимге қашан енгизилди?

3.Педагогикалық технологияның оқытыўшы шеберлиги менен қандай байланысы бар?

Баслаўыш билимлендириўде заманагөй педагогикалық технология пәни - заманагөй баслаўыш классларда тәлим-тәрбия процессинде пайдаланатуғын педагогикалық технологиялар. Педтехнология хәм педтехника оқытыўшы шеберлигин тийкарғы пайда етиў элементлери болып есапланады.

«Технология» сөзи 1872 - жылда илимге кирип келди хәм грекше «технос» - өнер, шеберлик, «логос» - пән, тәлиматы сөзлеринен куралып, «өнер илими» яки «өнер шеберлик» хаққындағы пән мәнисин аңлатады.

Бирақ, бул тәрип заманагөй технология процеси толық ашып бере алмайды, технологиялық процесс - бул мийнет куралдары менен мийнет, шийки затларға тәсир етиў нәтийжесинде өним жаратыў саласындағы мийнет процеси болып есапланады.

Рус алымы В.Беспалько «Педагогика хәм алдыңғы технологиялар» шығармасында «Педагогикалық технология - бул оқытыўшы шеберлигине байланыслы болмаған халда педагогикалық табысты кепилликке алатуғын оқыўшы шахсын қәлиплестириў процессиниң проекти»[1], - деп тәрийплейди.

[1]Беспалько В.П.«Педагогика и прогрессивные технологии обучения. - Москва: ИРПО.1995.



Республикамызда хәм педагогикалық технология түсинигине, оның мәниси хәм қурамына, әмелде қоллаў мәселерине үлкен итибар бериледи. Көпшилик алымларымыздың пикирлери педагогикалық технологияның ЮНЕСКО тәрепинен мақуллаған минезлемесинен келип шығады.

ЮНЕСКО тәрийпи бойынша, педагогикалық технология - бул инсаныйлығы хәм техникалық ресурсларды есапқа алған халда хәмде мағлыўмат формаларын оптималластырыў мақсетинде тәлимди хәм тәрбия процессин жаратыў системалы усылы.

Н.Сайдахмедовтың тәрийпи төмендегише: «Педагогикалық технология - бул шахсты оқытыў, тәрбиялаў хәм раўажландырыў нызамларын өзинде енгизиў хәм жуўмақлаўшы нәтийжени тәмийнлейтуғын педагогикалық хызмет».[1]

Бундай тәрийпке тийкарланып, биз усы түсиник хаққында төмендеги пикирге ийемиз: педагогикалық технология - бул тәлим тәрбия процессиниң социал мақсетке бағдарланған усыл хәм қурал, форма хәм уйымларының жыйындысына тийкарланған проект. Мысалы: сәўбет өткериў технологиясы, балаға педагогикалық тәсир көрсетиў технологиясы, үйге тапсырманы тексериў технологиясы хәм басқалар.

Педагогикалық технология - бул тәлим хәм тәрбиядағы усылларды элементлерди оларды әмелде қолланыў өзгешеликлери. Мысалы: тил техникасы (сес, дем алыў, ритмика хәм б.). карым-катнас (қол хәрекети, пантомимика, ыма-ишара, бет хәрекети хәм б.). Педтехника - педагогикалық технологияның қурамалы бөлеги. Мысалы: сәўбетти таярлаў хәм өткериў, сәўбет процесинде сораўларды бериў, жуўапларды қабыл қылыў хәм баҳалаў мысаллары технологияға байланыслы, дикциядан хәм тил мәдениятынан туўры пайдаланыў - бул мәселелер педтехникаға байланыслы.

«Педагогикалық технология» курсының кәсиплик әхмийети жүдә үлкен, усы пәнниң сабақларында болажақ оқытыўшылар дәстүрий хәм дәстүрий емес методика хәм қураллардан жаңа шараятларда пайдаланыў, баслаўыш мектеп тәжирийбесинен нәтийжели методикаларды таңлаў, оқыўшылардың ойын, оқыў, мийнет хәм социаллық хызметин басқарыў, балалар менен туўры қарым-қатнас жасаў механизмин үйренеди.

[1]Сайдахмедов Н. Янги педагогик технологиялар (назарият ва амалиет). Т, Молия нашриети – 2003й

## 2. Баслаўыш тәлимде заманагөй педагогикалық технология мақсети хәм ўазыйпалары

Усы курстың мақсети болажақ оқытыўшыларына педагогикалық технологиялардан пайдаланыўдағы көникпелерди қәлиплестириў болып саналады.

Баслаўыш тәлимде заманагөй педагогикалық технология курсының ўазыйпалары төмендегилер:

а) талабаларға педагогикалық технология хәм оның элементлери ҳаққында түсиник бериў;

б) болажақ оқытыўшыларды «педагогикалық технология» түсинигине хәр тәреплеме қатнаста болыўға үйретиў;

в) болажақ оқытыўшыларда баслаўыш мектептеги алдыңғы технологияларды ийелеўге, қызықтырыў хәм үйрениў.

Жоқары көрсетилген ўазыйпаларды оқытыўшы тек ғана талабалар менен биргеликте әмелде қолланыў мүмкин, оқытыўшы басшылығында талабалар сабақларға белсене қатнасып, дөретиўшилик менен тапсырмаларды орынлап, әсте-секин тәлим-тәрбиядағы технологияларды ийелей алады хәм өзи көникпелерин әмелде қоллана алыў мүмкиншилигине ийе болады.

## 3. Баслаўыш тәлимде заманагөй педагогикалық технология курсының басқа пәнлер менен өз ара байланысы

Педагогикалық процесс - қыйын процесс. Ол еки бағдардан ибарат: оқытыў хәм тәрбиялаў процесслер. Бул процесслерди көпшилик пәнлер үйренеди. Бириншиден; «Педагогика» («Дидактика», «Тәрбия теориясы»), «Тәрбиялық ислер методикасы», «Педагогикалық шеберлик» хәм т.б.

Екиншиден; «Психология», тийкарынан «Жас дәўирлер психологиясы», «Педагогикалық психология» хәмде «Мийнет психологиясы» пәнлери бул процесслерди олардың психикалық өзгешеликлерин үйренеди.



*Заманагөй педагогикалық технология модели:*




Соның ушын, «педагогикалық технология» курсы жоқарыда аталған пәнлердиң тәбийий даўамы хәм оларға қосымша болған пән. Педагогика хәм психология пәнлери бойынша сабақ процессинде ийелленген билимлерге «педагогикалық технология» курсын үйрениўде болажақ оқытыўшылар зәрүр түсиник, олардың парықлары хәм өз ара байланыслығы, қурамалы бөлеклери, балалар шахсын хәм санасын қәлиплестириў хәм раўажландырыў жоллары, усыллары хәм басқалар.

Усы пәнди оқытыў процесинде дәстүрий хәм дәстүрий емес технологиялар биргеликте әмелге асырылады: лекция-сәўбет, машқалалы лекция, оқытыў, блоклар хәм сызмалар, ролли ойынлар хәм машқалалы жағдайлар, дөретиўшилик тапсырмалар хәм басқалар. Әмелий шынығыўларда талабалар жаңа типтеги мәкемеси (лицей, гимназия, арнаўлы мектеп, колледж) лер шараятларында нәтийжели технологияларды таңлаўды үйренеди. Алдымызға қойылған пәнниң ўазыйпаларын толық орынлаў хәм мақсетке ерисиў ушын тек ғана оқытыўшы емес, талабалар хәм өз функцияларын әмелге асырыўы зәрүр. Баслаўыш класс оқытыўшыларының заманагөй тәжирийбелерин үйрениў хәм талықлаў, олардан алдыңғы тәжирийбелерди табыў хәм таңланған технологиялардан өз хызметинде дөретиўшилик пенен пайдаланыў талабалардың ең зәрүр ўазыйпасы.

## 2. БАСЛАЎЫШ ТӘЛИМДЕ ЗАМАНАГӨЙ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯНЫ; ИЛИМИЙ-ТЕОРИЯЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ

1.Педагогикалық технологияны әмелде қоллаў машқалалары.

2.Педагогикалық процесске жандасыў түрлери.

3.Педагогикалық технологияның тийкарғы принциплери.

4. Педагогикалық технологияның илимий-теориялық тийкарлары.

**Таяныш түсиниклер:** Педагогикалық процесс, инновациялық тех-...логия, педагогикалық технология, машқалалы жағдай.

**Беккемлеў ушын сораўлар:** 1. Машқалалы жағдай дегенимиз не?

2. Тәлим-тәрбия жумысларын стандартластырыў дегенде нени ...синемиз?

3.Инновациялық технологиялардың илимий теорилық тийкарлары ...ден ибарат?

Республикамызда «Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы» нде ай-...п өтилгендей, заманагөй тәлим-тәрбия жумысларын мәмлекет стан-...рт дәрежесине көтериў ушын педагогикалық процесске алдыңғы ха-...р хәм педагогикалық технологияларды енгизиў зәрүр. (3,4- статья).

Бул ўазыйпаны толық орынлаў мақсетинде, ең алды менен, алымлар ...ктеплерде хәм институтларда ислеп атырған оқытыўшылар менен ...ргеликте бир неше машқаларды шешиў керек, сол қатарда

-инновациялық педагогикалық технологияның мәнисин анықлаў ...н оның илимий-теориялық тийкарларын жаратыў;

-оның принциплерин ислеп шығарыў;

-педтехнологияны әмелде қолланыў ушын нәтийжели жолларды ...лаў хәм т.басқа.

Педагогикалық технология не? Неге бул сөз бирикпесине «иннова-...он» сөзи қосымша қылып, «инновацион педагогикалық технология» ... атаймыз? Ол не ушын бүгинги тәлим-тәрбия процессинде зәрүрлик-...айланды? Бул сыяқлы сораўларға жуўап бериў ушын, ең алды менен, ...млекетимизде «Билимлендириў ҳаққында»ғы хәм «Кадрлар таярлаў ...лий бағдарламасы» тийкарында тәлим-тәрбия тараўында алып ба-...ып атырған түпкиликли реформалардың тийкарғы бағдарларын ...ап алыў тийис.

Бул бағдарлар:

-тәлим-тәрбия мақсети, ўазыйпа мазмуны, системасын реформа...лыў;

-тәлим-тәрбия басқарыўын реформалаў;

-тәлимниң базар экономикасына тийкарланған механизмин жа...тыў;

-ата-ана, оқытыўшы-оқыўшының тәлим процессине болған жаңа... көз-қарасларын қәлиплестириў қәлиплестириў;

бул түпкиликли реформалардың бас хәрекетлентириўши күш... заманагөй педагогикалық технологияны әмелиятқа енгизиўден ибара...

Жуўмақлап айтқанда, жаңа тәлим системасы, мазмуны, оқыў ре... сабақлықлар тийкарында оқыў процессин проектлеўге хәм иннова...ялық қарым - қатнасты шөлкемлестириў зәрүрлиги пайда болмақта.

Өзбекстан Республикасы Биринши Президенти Ис... Абдуғаниевич Каримовтың айрықша айтып өткениндей, «... биз мәм...кетимиздиң келешеги жас әўладымыз қандай тәрбия табыўына қанд... руўхый пазыйлетлер ийеси болып өсиўине, перзентлеримиздиң т...мыста белсенди мүнәсибетте болыўына, қандай жоқары мақсетле... хызмет қылыўға байланыслы екенин бәрхә ядта тутыўы керек». Усы... бепли хәм биринши нәўбетте билимлендириў мазмуны хәм оның ку...мын кеңейтириў хәм тереңлестириў, тийкарынан, бул мазмунға тек ға... билим, көникпе хәм еплилик, бәлки улыўмаинсаныйлық мәденият... қураўшы-дөретиўшилик хызмет тәжирийбеси дөгерек-әтирапқа мүнә...бетлерин хәм киритиў идеясы күн тәртибине тийкарғы мәселе бол... қойылды.

Ж.F.Йўлдашевтың пикиринше, бул идеяны социал турмысын... төмендеги компонентлерин жүзеге шығарыў мүмкин:

-хызмет түрлери (материаллық-әмелий, социаллық, руўхыйлық);

-социаллық сана формалары (мораль, искусство, сиясат, фило...фия, илим хәм т. басқалар);

-социаллық мүнәсибетлер дизими (материаллық хәм идеологиялы...

-материаллық социал хәм тәбийғый байлық (кейинги әўладлар... мийрас қылып қалдырылатуғын байлықлар).

Сонлықтан да, инновацион педтехнологияның илимий-теориял... тийкарлары жаратылмақта десек қәте болмайды, хәзирги ўақытта даў... етпекте.

## 2. Педагогикалык процесске катнасыктың түрлери

Педагогикалык технологиянын мазмуны, мәниси хәм әхмийетин тереңирек түсиниў ушын, бизиң пикиримизше, педагогикалык процесске комплексли көз карасынан караў керек, педагогикалык процесс, тәлим хәм тәрбия процесинен ибарат болып, жүдә кыйын, көп кырлы процесс. «Комплексли» дегенимизде биз бул түсиникке «тарийхый», «системалы», «психологиялык» деген түсиниклерди де киритемиз. Енди хәр бирин айрыкша көрип шығамыз.

### А. Тәлим-тәрбияға тарийхый катнас

«Улыўма педагогика» пәни сабакларында сизге тәлим-тәрбия өнериниң тарийхый этапларында, тараўларында туткан орны хәм раўажланыўындағы әхмийети мәлим болды, бул хаккында сөйлесиўдиң зәрүрлиги жок. Лекин, буны анықлаў, яғный тәрбия хәм окыў процессиниң мәниси әийемги заманнан бүгинги күнге шекем өзгермеди.

Тәрбияның мәниси- өсип киятырған жас әўладтың усы орталык, жәмийет талаплары тийкарында турмыска таярлаўдан ибарат болып, жәмийетте өз зәрүр орнын тутады.

Тәлим-тәрбия процесиниң зәрүр элементи болып, бул окыўшыларда мағлыўмат кәлиплестиретуғын процесс.

Мектептеги, тийкарынан, баслаўыш мектептеги окытыў процесинде тәлим - тәрбия хәм мағлыўмат өз ара беккем байланыслы рәўиште әмелге асырылады.

Хәммемизге мәлим, жәмийетимиз бәркулла раўажланыўда. Буның ушын жаңаша билим бериў, өзгерип барыўшы мийнет хәм турмыс шараятларына муўапык, критикалык дөретиўшилик хызмет менен шуғыллана алыў көникпелери пайда болган болыўы лазым. Демек, тәрбия жас әўладты турмыска, мийнетке таярлаўда, ол бар жәмийет имкнаиятларын кәлиплестириў, және де раўажланыў максетинде кексе әўлад тәрепинен арттырылған тарийхый тәжирибени толтырылған, және де идеялластырылған халда жас әўлад санасына сиңдириледи.

Тәлим-тәрбия мәнисин саклап атырған халда усы менен биргӗликте окытыўшы өз хызметинде усыллар, кураллар хәм формалардың өзгерген шараятларда жаңалаўға мәжбүр, жаңа дәўир оған баркулла жаңа талап кояды.



### Б.Педагогикалык процесске системалы катнас

Профессор Н.В.Кузминанын жазғанындай, «Педагогикалык процесс - бул өз ара байланыслы хәм окыўшыларды тәлим-тәрбия максетине бағдарланған компонентлеринин жыйындысы».

Бул системаны және де раўажландырыў ушын оның курамын хәм курамалы бөлеклерин терең үйренемиз хәмде бул системада педтехнологияның орнын анықлаўымыз зәрүр. Бул көз-карастан педагогикалык процессти төмендеги курамалы бөлеклерге бөлиў мүмкин.




Бул процесс пүтин процесс болып, окытыўшы - тәрбияшының окыўшыға - тәрбияланыўшыға педагогикалык тәсирлерин өз ишине камтып алады. Буннан тыскары педагогикалык процесс система сыпатында баскаша хәм болыўы мүмкин.




Биринши-теориялык, методологиялык блок-заманагөй тәлим-тәрбия процесине жәмийетимиз тәрепинен койылатуғын талапларды социаллык буйыпта сыпатында жарытылады, ўазыйпалары анықланады, хызметин шөлкемлестириў принциплерин (кағыйдаларын) көрсетеди хәмде тәлим-тәрбия нәтийжелерине тәсир етиўши факторларды хәм зәрүрли шәрт хәм шараятлары менен характерленеди. Екинши-әмелий,

технологиялық блок тәлим-тәрбияның мақсет ўазыйпаларын табыслы әмелде қолланыў ушын зәрүр болатуғын шахс пәзийлетлерин хәм билим-көникпелерин қәлиплестириўши усыл хәм қурал, оқыў-тәрбия жумысларын шөлкемлестириў форма хәм уйымларын өз ишине қамтып алады. Бул блоктағы элементлердиң жыйындысын биз «педагогикалық технология» деп атаўымыз мүмкин.

### В.Тәлим-тәрбия процессине психологиялық қатнас

Инсанның хызмети психологиялық көз-қарастан үш түрден ибарат болып (ойын, оқыў хәм мийнет), сөйлесиўге тийкарланады. Педагогикалық процесс усы қарастан төмендегише болады:

2-кесте




Көринип турыпты, педагог өз хызмети хәм оқытыўшылар хызметин тек ғана педагогикалық қатнас арқалы шөлкемлестириўи мүмкин.

Педагогикалық қатнас тәлим-тәрбияның психологиялық тийкары болып, оны нәтийжели басқарыў ушын сөйлесиў процесиниң мәниси хәм механизминиң анық болыўын талап қылады, сөйлесиўди басқарыў технологиясы өз өзгешелигине ийе болған процесс.

Педагогикалық қатнасты тәлим-тәрбия психологиялық тийкар сыпатында айрықша көрип шығамыз хәм оны басқарыў хәмде нәтийжели пайдаланыў механизмин үйренемиз.



Солай етип, биз педагогикалық процесске түрли көз-қарастан қарап, төмендегише жуўмақ шығарыўымыз мүмкин: педагогикалық процеске комплексли қатнас жасаў технология жәрдеминде тәлим-тәрбия мақсети, яғный ўазыйпаларды белгилеп алыўдан басланып, бул процесстиң бир пүтин тутаслықта бағдарын нәзерде тутады.

### 3. Педагогикалық технологияның тийкарғы принциплери

Жаңаланып атырған тәлим дизиминде жуўмақлаўшы нәтийже, көлеймизми, көлемеймизми, тиккелей тәлим-тәрбия процесин әмелге асыратуғын оқытыўшы мийнетиниң қандай шөлкемлестирилиўине барып тақалады. Билимлендириўге жүкленетуғын үлкен ўазыйпалар билим бериўге мүнәсибетин, жандасыўды өзгертириўди талап етпекте. «Халқ таълими», «Бошланғич таълим», Маърифат, Үзликсиз тәлим хәм муғаллим, Устаз жолы хәм басқа да журнал-газеталарда заманагөй педагогикалық технология хаққында бир қанша мақалалар дағазаланды.

Жаңа технологияларды проектлеў хәм олардан тәлим-тәрбия процесинде пайдаланыў белгили нызамлылықларға тийкарланады. Бул тийкарлар педагогикалық технология (ПТ) ның өзине тән тәреплерин сәўлелендиреди хәм методикадан парықлы тәреплерин көрсетип береди. Басқаша айтқанда, оларды педагогикалық технология принциплери, деп атаў мүмкин.

Принцип грекше «принцип» сөзинен алынып, тийкар, дәслепки халат, басқарыўшы идея, улыўмаласқан талап сыяқлы мәнилерди аңлатады. Дидактикада алымлар принциплерди түрлише талықлайды, педагогикалық халатты жолға салынған дидактикалық халатлар, усынıслар (В.И.Загвязинский, Л.И.Гриценко), оқытыўдың өлшемли тийкарлары (М.А.Данилов), дидактикалық мақсетке ерисиў усыллары (И.Я.Лернер) хәм басқа.

Биз педагогикалық технология принциплери дегенде, проектленген оқыў-тәрбиялық процессти әмелге асырыўға жоқары нәтийжелерге ерисиў ушын бойсынатуғын улыўма өлшемде, қағыйда хәм талапларды түсинемиз. Демек, ол яки бул педагогикалық қубылыс принцип болыўы мүмкин, қашан оны оқыў процессинде есапқа алып (әмел қылыў) зәрүр болса, яғный оған таянады. Алып барылған талықлаў-синтетикалық изертлеўлердиң көрсетиўинде, Педагогикалық технология принципле-

ри түпкиликли парық қылады хәм өзинде зәрүр сыпат көрсеткишлерин сәўлелендиреди. Тәлимниң тарийхый раўажланыў басқышларында оқыў-тәрбиялық процесин әмелге асыратуғын педагогикалық технология бар болған яки бул феномен пүтин пайда болды ма?

Бул сораўға академик В.П.Беспальконың жуўабы төмендегише: «Педагогикалық технология баркулла хар қандай оқытыў хәм тәрбиялыў технологиясын таңлаў хәм аңлаған халда басқарыў педагогика пәни хәм мектеп әмелият имканиятлары орталығынан шетте калмакта».

Мектеп (лицей, колледж, гимназия, жоқары оқыў орны) әмелияты педагогикалық технологияның материаллық қураллары-китаплардан техникалық үскенелерден хәм оқытыў методикаларынан көп ўақытлардан бери пайдаланып келинеди яки алдыннан режелестирилген тәлим-тәрбия процеси оқытыўшы хызмети арқалы әмелиятға енгизиледи. Усы менен бирге ликте, педагогикалық технология-бул қатып қалған проект емес, бәлки тәлим хәм тәрбия нәтийжелилигин белгилеўши бир қатар факторларды бахалаў мүмкиншилигин бера алатуғын дөретиўшилик, жаратыўшылық, пидайылық хызмети нәтийжеси.

Н.Сайидахмедов тәрепинен Педагогикалық технология принциплерин анықлаўда төменде ги жағдайлар итибарға алынады:[1]

- бар жәмийет талапларына сәйкес келетуғын тәлим-тәрбия максети;
- дидактикалық процестин объектив нызамлылықлары;
- тәлим-тәрбия процесин әмелге асырылатуғын шараятлар.

Усы қарастан, жаңа педтехнологияларды әмелде колланыўы төмендеги принциплерге байланыслы болыўы мүмкин.

1. Тутаслық принципи технология проекти жаратылып атырғанда педагогикалық дизимдиң бәрше элементлери өз ара тәсир ортасында болыўын хәм өз ара байланыслығын итибарға алыўды тақаза етеди;

2. Педагогикалық технология оқыў тәрбиялық процессти алдында проектлеў хәм кейинги басқышта бул проектти класста әмелге асырыўды көзде тутады;

3. Жуўмақлаўшы нәтийженин кепиллиги педагогикалық технологияның зәрүр принципи, хәм «Жуўмақлаўшы нәтийже қайсы тереңликте болыўы керек?» сораўына жуўап бериўи;

[1] СайидахмедовН. Оқытыўшы хызметиниң технологияланыўшанлығы. – «Халық тәлим»1999 №5. 80-83 бет.



4. Педагогикалық технологияның оғада зәрүр принципи: оқытыўдың тамамланғанлық принципи жуўап береди.

Жоқарыда биз педагогикалық технологияның тийкарғы принциплерин жарытыўға хәрекет қылдық. Олар, биринши нәўбетте, оқыў-тәрбиялық процессин илимий тийкарда қурыўға бағдарланған. Оларды әмелде дөретиўшилик жолы менен қолланыўы зәрүр.

## БИЛИМЛЕНДИРИЎ ПРОЦЕСИНДЕ ҚОЛЛАНЫЛАТУҒЫН ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАР

1. Заманагөй педагогикалық технология-билимлендириўди раўажлантырыўшы фактор.

2.Билимлендириў процесинде оқытыўшы-басқарыўшы, оқыўшы-атқарыўшы сыпатында.

3.Педагогикалық технология мониторинги.

4.Баслаўыш мектеп тәлим процесинде бәзи педагогикалық технологияларды қоллаў мәселелери.

Таяныш түсиниклер. Билимлендириў, технология, оқытыўшы мийнети, оқытыў системасы, педагогикалық процесс, мониторинг, мотивация.

Беккемлеў ушын сораўлар.

1.Педагогикалық технологияда билимлендириўдиң раўажландырыўшы факторы нени аңлатады?

2. Октыўшы хәм оқыўшы хызметлерин түсиндирип бериң?

3. Педагогикалық технология мониторинги дегенимиз не?

4. Баслаўыш билимлендириўде қолланылатуғын педагогикалық технологияларды атап көрсетиң?

### 1. Заманагөй педагогикалық технология-тәлимди раўажлантырыўшы фактор

Жаңаланып атырған баслаўыш тәлим системасында жуўмақлаўшы нәтийже тиккелей педагогикалық процессти әмелге асыратуғын оқытыўшы мийнетиниң қалай шөлкемлестириўине байланыслы.

Бундай сораўға жуўап бериў мақсетинде биз көпшилик оқытыўшылар менен сәўбетлесип хәм машқалаларды үйренип, төмендеги жуўмаққа келдик. Заманагөй баслаўыш мектепте тәлим процесиниң

нәтийжелигин асырыў факторлардан бири - бул процесске заманагөй педагогикалық технологияларды енгизиў.

Соны айтып өтиў зәрүр, катар бир неше жыллар даўамында педагог-методистлер актуал дидактикалық мәселелерди анық сәўлелендириўге хәм оған сай келетуғын педагогикалық технологияны ислеп шығыўға аз итибар берген еди. Бирак кейинги пайытларда тийкарынан 1997-жылдан берли олар жаңа педтехнологияларды жаратыў хәм әмелиятка енгизиўге бағдарланды.

Педагогикалық технологияға «заманагөй» сөзиниң қосып колланылыўы теориясы алымларымыз хәм оқытыўшыларымызға ой таслады, буннан былай да тәлим-тәрбия процесин проектлеўге ескише катнас жасаў мүмкин емеслигин аңлап жетпекте.

Сондай екен, педагогикалық технологияны жаңалаў заманагөйлестириў - биз ушын бүгинге шекем ең зәрүр болған ўазыйпа.

Тәлим-тәрбияның максети жаңаланғаннан кейин, оған сәйкес халда мазмунының жаңаланыўы тәбийий. Билимлендириўдиң мазмуны оқыў дәстүрлери, колланба хәм сабаклықларда өз сәўлесин табады.

Педтехнология бағдар, дидактикалық максет, жаңа ўазыйпаларды белгилеп бериўши фактордан басланып, тәлим процессин бир пүтин тутаслыкка бағдарлыўын нәзерде тутады. Бул процесс 1-4-класслар арасындағы үзликсизликти тәмийинлеў менен байланыслы.

1-4-класларда енгизилген заманагөй технология, ең алды пәнлер арасындағы байланыслықты тәмийинлеў, артықша қыйыншылықларды сапластырыў, пәнлерди интеграциялаў, оқыўшы хызметин туўры жолға салыў хәм оннан үнемли пайдаланыў, дөретиўшилик кәбилиетин жаратыў сыяқлы бир катар максетлерин әмелге асырыў сыяқлы зәрүр ислерди орынлайды.

Хәзирги күнде баслаўыш билимлендириў системасында заманагөй педагогикалық технологиялар өз орнын алып атыр ма?

Билимлендириў системасы, шахсты кәлиплестириў ушын, мәмлекетлик стандарт талаплары тийкарында хәм дүнья дәрежесинде кадрлар жетистириў ең алды менен оқытыўшылар, устазлар шахсын хәр тәрепleme идеал болыўын талап қылады. Айрықша, баслаўыш класс оқытыўшысының жуўапкершилиги үлкен, ол улыўма билимлендириў системасының тийкарын жаратыўшы шахс.



Жаңаланып атырған баслаўыш билимлендириўге мәмлекет хәм жәмийет тәрепинен қойылатуғын талапта билимлендириў салалары бойынша өз ара муўапықлықты тәмийинлеў лазым. Усы тәрепинен баслаўыш тәлим стандартын белгилеўде соны есапқа алыў керек, тәлим процесиниң қурамын, усы қурамалы бөлеклериниң мазмунын хәм модернизациялаў жаңа заманагөй педагогикалық технологияны қолланыў мүмкинлишигин береди.

## 2. Тәлим процесинде оқытыўшы-басқарыўшы, оқыўшы-атқарыўшы сыпатында

Дәстүрий педагогика тәлим процеси мың жыллар даўамында еки тәреплеме процесс болып есапланатуғын еди. Онда оқытыўшы оқыў-тәрбия процессиниң субъекти, оқыўшы яки оқыўшылар жәмәәти усы процестиң предмети сыпатында қаралады.

Дидактикалық қубылысларды оқытыўшы хызмети өзгешеликлеринен келип шығып тәрийплеў идеясы узақ тарийхқа ийе. Ол дәслеп Я.А.Коменскийдиң «Уллы дидактика», соң И.Ф. Гербарттың «Педагогикадан лекциялар», кейиншелик К.Д.Ушинскийдиң «Инсан-тәрбия предмети сыпатында» сыяқлы тийкарларына тийкарланған еди. Бунда оқытыўшы тәлим процессиниң басқарыўшы, оқыўшылар-атқарыўшы болады.

Сабақта оқытыўшы бас фигура (субъект) болып, ол хабар жибериў, тез-тез оқытыў менен бәнт, лекин оқыўшылардың жаңалаықларын қабыл қылыў дәрежелери хәр қыйлы, кәлеў-тилеклери түрлише олар пассив еситиўши, қулақ салыўшы, бул олардың оқыў процессиндеги жуўапкершилигин, жуўапкерлик сезимин пәсейтиреди. Демек, олар өзбетинше пикир жүргизиў, бәсекелесиў, жуўмақ шығарыўдан узақта.

Демек, не қылыў керек? Бул сораўға жуўап бериў ушын биз көпшилик мақалаларды оқып шығып хәм талықлап, төмендеги жуўмақларға келдик :

1-баслаўыш класс сабақ процесинде, тәлим-тәрбия оқыўшы актив хәрекетлениўши күш, тәлим процеси объекти емес-субъекти болыўы керек, яғный оқыў, үйрениў, қарым-қатнас қылыў оқыўшы жуўапкершилигине өтиўи керек ;

2-оқытыўшы оқытыўдан оқыўды үйрениўге, билим бериўден оқыўшылардың билимлерин өз бетинше ийелеўине көмеклесиўи зәрүр.

Ол оқыўшыны зәрүрлик туўдырыўдан орталық жаратыўға хәм онда жуўапкершиликти сезиўге бағдарлаў керек.

Буған ерисиў ушын оқытыўшы басшылығында оқытыўшы хәм оқыўшылар биргеликте хәрекет қылады. Мине, усы оқыў процеси заманагөй дидактика үш компоненттен ибарат процесс деп қаралады.

Оқыў процесине бундай жаңаша түп мәниси соннан ибарат, бунда оқытыўда ишки мотивациядан (дыққатты тартыў, ишки сезим, қәлеў тилеклерин қәлиплестириўден) келип шығыўы керек. Оқыў процесинде тийкарғы хәрекетлендириўши күш-оқыўшы ушын да, оқытыўшы ушын хәм ишки мотивация болыўы керек:




Бунда оқыўшылар билим алыўға умтылыў хәм зәрүрлик болыўы керек, оқыў максетин ишки зәрүрликке айланыўы керек.

Баслаўыш класс оқыўшыларында оқыўға умтылыў хәм зәрүрликлерди қәлиплестириў хәм раўажландырыў ислерининң өзине тәнлиги бар, олар орта хәм жоқары класс оқыўшыларына қарағанда келешек мақсетлерге емес, олар жақын «ертеңги» мақсетлерге қызығады.

Соның ушын оқыўшы сабақларға таярлық көриў барысында оқытыўдың улыўма мақсетин анық, усы сабақтың мақсетине айлантырыў лазым.

Б.Блумның хәм Л. Фаберманның идеясына муўапық, бул процесс педагогикалық технологияның системасы бундай :

Мотивация – шахсты актив қатты-хәрекетлерге үндеўши себеплер.



2- кесте




Бул таблицаны биз лаборатория сабақларында анық пән мысалларында айрықша талықлаў қыламыз.

### 3.Педагогикалық технология мониторинги

Бирге ислесиў педагогикасы қарасынан шөлкемлестирилген тәлим процесинде оқыўшы хәм оқытыўшы биргеликте жуўапкер. Бундай ҳалатта оқытыўшы билим бериўде тек ғана «баҳалаўшы» емес, бәлки жаңа билимлер жеткезиўши дерекке айланады. Бул функцияны оқыў процесинде толық түрде орынлаў ушын оқытыўшы тек ғана репродуктив емес, бәлким продуктив хәм излениў усылларынан комплексли рәўиште пайдаланыў керек.

Бундай қатна жасаўда ол әлбетте пайдалы нәтийжелерге ерисиў мүмкин.

Ж.Йулдашевтың пикиринше, педагогикалық технология мониторинги төмендегише болады:[1]

[1] Ж.".Йулдошев, С.А.Усманов. «Педагогик технология асослари» Ташкент, «Ўкитувчи» -2004.

2-кесте

| | | |
|---|---|---|
| I баскыш | Үйрениў | Есте саклаў |
| II баскыш | Түсинип жетиў | Өзлестиргенин дәлилей билиў |
| III баскыш | Талыклай билиў | Салыстырыў, жуўмак шығарыў, өз ара байланыс |
| IV баскыш | Еңгизиў | Қағыйда нызамын анлаў хәм коллаў |
| V баскыш | Синтез | Хабарды дөретиўшилик пенен кайта ислей алыў |
| VI баскыш | Баха алыў | Жаңа билимге өтиў |

Усы тәртипке муўапык ислеп шөлкемлестирилме, окыў процессинин нәтийжелери окыўшылардык активлик хәм өзбетиншелик дәрежесине байланыслы.

Өткерилген изертлеў нәтийжеси соны көрсетеди, окыўшы-балалар сабак процессинде канщелик актив хәм өзбетинше жокары дәрежеде болса, соншелли олар окыў материалларының өзлестирилиўи жокары болады. Мысалы, Ж.Юлдашев макаласында көрсетгениндей, окытыў пирамидасы (өзлестириў сыпаты) төмендегише болыўы мүмкин.

30 % - көргизбе - көрсетиўлер аркалы окытыў.

50 % - Сәўбетлесиў (кишкине топарлар) аркалы окытыў.

90 % - бир-бирин, бала-баланы-жеке тәртипте окытыў.

Жуўмаклап айтканда, окытыўшы окыўшы менен биргеликте тәлимди көрсе ғана, ол бул процесстиң актив катнсыўшысына айланады. Окытыўшы хәм окыўшы хызметиниң өз ара муўапыклығы окыў ислериниң нәтийжелилигин асырады. Булардың барлығы тәлимде окыўшылар дөретиўшилигин тәмийинлеўге алып келеди.

### 4. Баслаўыш мектептиң билимлендириў процесинде айырым педагогикалык технологияларды колланыў мәселелери

Заманагөй билимлендириў процессинде яғный усы катарда баслаўыш мектепте, окытыў нәтийжесиниң жетискенлиги пайдаланган куралларға байланыслы, дәстүрий кураллар (доска, пор, сабаклык, көргизбели кураллар,плакатлар, техникалык аудио-визуал хәм б.) катарына курал (анкета, тест, таяныш схема хәм блок) лар белгили орынды



тутады. Оларды таңлаўда төмендеги улыўма кағыйдаларды есапка алыў шәрт.

1-таңланган курал сабактың темасы максети хәм пайдаланылған усылларына сәйкес болыўы керек;

2- куралдан пайдаланыўды орынлы болыўы лазым;

3-курал мазмуны хәм сырткы көриниси эстетикалык хәм дидактикалык тәрепинен туўры болыўы зәрүр.

Акырғы ўакытларда көпшилик окытыўшылар билимлендириў процессинде таяныш схемаларынан пайдаланылмакта.

Таяныш схема - бул бир яки бир неше тема бойынша окыў материалларын мазмуны хаккында кыска хәм арнаўлы белгиленген сүўрети. Таяныш схема бәрше пәнлер бойынша сабакларыда пайдаланыў мүмкин.

Таяныш схема түрлери максетке байланыслы:

- үйретиў;
- кадағалаў;
- улыўмаластырыў;

Мысал ушын, баслаўыш мектепте 4-класста тәбияттаныў сабакларында окыўшылар «Жыл мәўсимлери» темасын ойындағы 4-таяныш схема тийкарында үйренеди: «Жаз-гүз», «Бәхәр-жаз», «Қыс-бәхәр» хәм «Гүз-кыс». Буларда хәр бир мәўсим хаккында арнаўлы белги жәрдеминде мағлыўмат бериледи хәм мәўсимди пайда етиў айлары, тәбияттың сырткы белгилери, оған тән хаўа хәм балалардың хызмети хаккында мағлыўматлар. (1-схема көргизбе көрсетиледи).

IV класста тәбияттаныў сабағында окытыўшы пәнлер аралык байланысын әмелде колланыў максетинде төмендеги улыўмаластырылған схемадан пайдаланыў мүмкин.

Бул схема адамзаттың тас әсирден темир әсирине шекем социал раўажланыўы сәўлеленеди. (2-схема көргизбе көрсетиледи).

Өзбекстан, оның областлары хаккында пикир жүргизилгенде, Бухара хәм баска калалар хаккында пикирлесип, Ўатан түсинигин түсиндиремиз, республикамыздағы областлар саны тийкарынан символикалык белгилер бериниўи мүмкин (3-схема көргизбе көрсетиледи).

Педтехнология хәм хабар технологиясы ортасындағы өз ара мүнәсибетлер педтехнологияның курамалы бөлеги болып, техникалык

куралллардың идеал заманагөй түри сыпатында тәлим процессинде қолланыла басалады.

Әпиўайы етип айтылғанда, билимлендириўде хабар технологиясы - бул «оқыўшы-компьютер» ортасындағы катнас, оқытыўшы - оны басқарыўшы. Мысал ушын, 50-60-жылларда «дәстүрли-оқытыў» (программаластырылған машина арқалы) яки кейинги ўақытларда «аралықтан оқытыў» тарқалған (онда да техникалық куралллардың әхмийети үлкен). Сонда ғана хабарлы технология тийкарында оқыўшылардың билиў хызметин шөлкемлестириў хәм басқарыў имканиятлары туўылады хәмде ол оқытыўшының жақын жәрдемшисине айланады яки оның функцияларын толық орынлаў мүмкин.

Хабар технологиясы көбирек техника қураллары арқалы материаллардан пайдаланып, усы қатарда: хәр қыйлы карточкалар, тапсырмалар, тестлер хәм басқа.

Өзлестириў дәрежесин анықлаў ушын мүнәсип тестлерден пайдаланыў керек.

Тест (инглизше-сынаў) - бул қандай да бир хызметти орынлаў ушын қаратылған тапсырмалар.

Оқыў мақсетине муўапық тестлер төмендегише болыў мүмкин:

1-үйретиўши тестлер (жаңа материалды тереңрек түсиндириў мақсетинде пайдаланылады);

2- беккемлеў тестлери (өтилген материалды беккемлеў мақсетинде);

3-қадағалаў тестлер (күнделик, аралық, жуўмақлаўшы қадағалаў мақсетинде);

4-раўажландырыўшы (интеллектуал) тестлер (оқыўшылардың ақыл-қабыл етиў қәбилетлерин раўажландырыў мақсетинде) қолланылады.

Мәлим болғанындай, хәр қандай оқыў предмети бойынша тестлерди жаратыў хәм пайдаланыўдың өзине тән өзгешеликлери хәм тийкарланған технология бар. Лекин, хәр қандай оқытыўшы тестлерден пайдаланыўдан ең алды менен балалардың жас хәм индивидуал өзгешеликлерин есапқа алыў шәрт. Оқыўшылардың имканиялары хәм қәбилетлери, психикалық процеслери (есте сақлаў, дыққат, сезиў, ойлаў хәм б.). бирдей емес.

Буннан тысқары, оқытыўшы пәниниң улыўма хәм анық сабақтың арнаўлы (меншикли) мақсетин есапқа алған халда тест түрлерин хәм



мазмунын таңлайды хәм оларды сабақ процесинде оқыўшылардың хызметине сәйкеслендиреди.

Буннан тысқары, тестлерге дифференциал қатнасық зәрүр, оларды репродуктив яки продуктив хызметине сәйкеслентириў керек.

Баслаўыш класс оқытыўшысы қәншелли тестлерден көп пайдаланылса, егер олар дурыс дүзилген хәм орынлы қолланылыўың гуўасы болса да, хәр қандай тест оқыўшылардың өзлестириўине хәм раўажландырыўға оларды өзбетинше билим алыў хызметине қаратылыўы керек.

Белгили шет ел илимпазлары (Ф.Фирмен, Л.Терстоун, Т.Рибо, Ш.Бюлер, Стенфорд-Бинэ), бизиң психологларымыз (Б.Қодиров, Э.Ғозиев, Шоумаров хәм б.) топланған илимий материалларды улыўмаластырып, оқыўшы-жаслардың интеллектуал потенциалын изертлеўде дыққат-ибирады төмендеги факторларға қаратып лазым деп есаплайды:

-интелекттиң (ақыл-қабыл етиўдин) жас хәм шахс өзгешеликлерине байланыслы;

-шаңарақтың социал-экономикалық статусы менен бирлиги;

-ата-аналардың билим дәрежеси, социаллық келип шығыўы;

-биологиялық шахс пазыйлетлери, сыпатлары, қәсийетлери хәм тағы басқалар.

Булардың барлығын оқытыўшылар есапқа алып, таяныш схема яки тест, ахборот технологиясы яки басқа методикалық қураллардан пайдаланып, өз усылын жаратып береди.

Әлбетте, бул исте машқалалар болыўы тәбийий. Мәселе усы машқалаларға әдил қарым-қатнаста болыўында.

Профессор Н.Сайидахмедов айтып өткендей, «Егер педагог қолында билимге умтылыўшаң, зийрек оқыўшылар, пән мақсетине сәйкес мазмун-дәстүр, оқыў-қолланба, сабақлықлар бар болса, ол дидактикалық процесин табыслы әмелге асырыў ушын билиў хызметиниң шөлкемлескен формаларынан нәтийжели пайдаланып, жаңа педагогикалық технологияны әмелиятқа үзликсиз хәм избе-из енгизиў мүмкин». Әлбетте, бул илимий ислер қоллап қуўатлаўға ылайық.

## 4. ТӘРБИЯ ПРОЦЕСИНДЕ ҚОЛЛАНЫЛАТУҒЫН ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАР

1.Тәрбия процесин идеалластырыўда педагогикалық технологияның роли.

2. Тәрбиядағы педагогикалық технологиялардың характери.

3. Тәрбия процесинде бирге ислесиў педагогика принциплерин қолланыўы.

**Таяныш түсиниклер:** Тәрбия процеси, бирге ислесиў, педагогика, тәрбия мақсети, тәжирийбе элементлери

**Беккемлеў ушын сораўлар:**

1.Тәрбия процеси дегенимиз не?

2.Тәрбия процесинде қандай педагогикалық технологиялар қолланылады?

3. Тәрбияның мақсети дегенимиз не?

### 1. Тәрбия процесин идеалластырыўда педагогикалық технологияның роли

Ҳәзирги заман педагогика илими инсан, оның жәмийеттеги орны ҳәм ролине ҳәр тәреплеме қараў ўазыйпасын өз жуўапкершилигине алады.

Тәрбияның мақсети - жаслардың кәмил инсан сыпатында тәрбиялаў оларды ўатансүйиўши ҳәм миллий мақтаныш руўхында тәрбиялаў, оларға инсансүйиўшилик идеяларын сиңдириў, бирақ, ҳәммемизге белгили болғандай, шахс илгерлигин раўажландырыў шексизлиги, этногенезиси ҳаққындағы идеялар социаллық идеяға тезлик менен кирип келмекте ҳәм балалар тәбиятын түсиниўди кеңейтеди ҳәм байытады.

Соның ушын мектеп жумысларында педагогтың тәрбиялық хызметинде жаңаша қатнас жасаўға себеп болды ҳәм олардың мәнис-мазмуны жаңа инсанды тәрбиялаўда көринип атыр.

Ҳәзирги ўақытта тәрбия тәжирийбе ҳәм баҳалаўшы ойлаўлардың үлкен әўладлардың кишкене әўладға бир тәреплеме өтиўи тәрзинде емес, бәлким үлкенлер ҳәм балалардың биргеликте - турмыс кешириў тараўындағы өз ара жәрдеми ҳәм биргеликтеги түсиниўи ҳәм қабыллаўы лазым.

Тәрбияшының хызмети-кәмил инсан тәрбия жолындағы қыйын ҳәм шыдайы мийнети, бул мийнет терең инсансүйиўшилик мәнисине ийе болып, бул мийнетти терең жанкүйерине исенип тапсырыў мүмкин. Жас әўладтың социаллық ҳәм руўхыйлық майданы барқулла өзгерип барады. Ислеп шығарыў бизнес әлеминде, социал турмыста, байланыс мүнәсибетлеринде өз орнын таба билиў, өз-өзин аңлаў ҳәм раўажландырыўды талап етеди.



Еркин, кәмил инсанды қәлиплестириў машқаласы тәлим мәкемелеринде тәрбиялық ислерди «педагогикалық технология» релсине өткериўди талап етеди. Бул процесс аңсат жүз бермейди, пүтин ықтыярый көрилип атырған ҳәм енгилизип атырған тәрбия системасын қатый илимий тийкарланған педагогикалық системаға айландырыў керек. Социаллық тәжирийбе элементлери (билим, көникпе, дөретиўшилик хызмет ҳәм т.б.) объектив барлыққа мүнәсибетлер-педагогикалық процесс өними ҳәм белгили педагогикалық система ортасында қәлиплестириледи.

Педагогикалық технология әмелиятқа енгизилген педагогикалық система проекти.

Ҳәзирги күнде тәрбиядағы жаңа педагогикалық технологияның мәниси ҳәм мазмуны неден ибарат?

Бул ең алды менен, тәлим-тәрбия мазмунын миллийлестириў зәрүр. Бунда биз ҳәзирги жас әўлад тәлим-тәрбиясы мазмунын өтмиш әўладларымыз дөреткен ҳәм дүнья пәни раўажланыўына тийкар болған билимлер, бай тарийхымыз, мәдениятымыз дереклери менен таныстырыўды ҳәзирги заман илим табыслары менен мүнәсибетте бола алыўымызда көринеди. Тәлим-тәрбияда халық миллий руўхы өтмиш тарийхын умытыў миллий мақтанышы, өз бетинше идеологияны қәлиплестириўге зыян жеткереди. Бирақ дүнья цивилизациясы, пәни раўажланыўынан хабарсыз қалыў миллий қалақлық, ғәрезсиз Республикамыз раўажланыўына зыян келтиреди. Соның ушын бирден-бир туўры жол өтмиш пенен ҳәзирги заман пәни, техникасы, олардан жас әўлад қәлиплесиўде орынлы пайдаланыў.

1- шахстың өз-өзин жүзеге шығарыўы өз-өзин көрсетиў тәрепи;

2-оның социалласыўы нормал хызмет кешириўин тәмийинлеў тәрепи.

Олар бир-бирин байытып өз ара тәсирине кирип, шахстың социаллық потенциалын ең көп дәрежеде ашып бериўге көмеклесиўи лазым. Тек бир нәрсени педагог есапқа алыўы керек: баслаўыш класс балалары

өз өзин жүзеге шығарыўға өз бетинше дәрежеде еле таяр емес, олардың жас өзгешеликлери буған мүмкиншилик бермейди.

Соның ушын тәрбия жумысларында педагог өз оқыўшылар шаңарақ хәм мектеп кәсиплеслери менен биргеликте тәрбиялық мақсетине әмелде қолланыў шәрт. Баслаўыш класс оқытыўшысы тәлим менен бир қатарда тәрбияны тығыз байланыслы алып барыўы керек. педагогтың зәрүр ўазыйпасы тек тәрбия процесиниң мазмунын емес, бәлки тәрбияның жаңа формалары, қураллары хәм усылларын, қысқа айтып жаңа педагогикалық технологияларды излеў, хәр бир белгили ҳалатта оларды бирге қосып алып барыўдан ибарат.

## 2. Тәрбиядағы педагогикалық технологиялар характери

Педагогика пәни сабақларында сиз тәрбиядағы усыл хәм қурал, форма хәм уйымлар хаққында, хәм олардың түрлери хаққында белгили түсиникке ийе болдыңыз. Бул тәрбия системасындағы компонентлерди биз жақында және де тәкирарладық хәм педагогикалық процессте технологияның тутқан орнын анықладық.

Тәрбиядағы педагогикалық технологияның тийкарғы компонент (элементлери) төмендегише болады.

1-тәрбия усыллары хәм методикалары; 2-тәрбия қураллары; 3-тәрбиялық ислерди шөлкемлестириў формалары хәм 4-оқыўшы тәрбияланыўшылардың уйымлары. Бул элементлерден баслаўыш мектеп процесинде қолланылатуғын технологияларды биз төмендеги топарларға бөлдик:

I балаларда социал сананы қәлиплестириўши технологиялар (педагогикалық тәсир етиў, сәўбет хәм гүрриң өткериў, үлги көрсетиў) ;

II балалар хизмети процесинде олардан социаллық тәжирийбелерин қәлиплестириў технологиялары (шынығыў арқалы үйретиў, ойынларды шөлкемлестириў, талап қылыў, тапсырма бериў, жарыстан пайдаланыў);

III балалар хызмети өз-өзин басқарыўға үйретиў технологиялары (өз-өзин талықлаў, өз-өзин баҳалаў, өз-өзин қадағалаў хәм б.) ;

IV балаларды тәрбиялаўда хошаметлеў хәм жазалаў усылларынан пайдаланыў технологиялары (хошаметлеў хәм жазалаўдың формалары, шәрт-шараятлары хәм баслаўыш классларда олардың өзгешеликлери)



V оқыўшылар жәмәәтин дүзиў хәм шахсты жәмәәт жәрдеминде тәрбиялаў технологиясы;

VI балаларды үйрениў (педагогикалық диагностика) хәр түрли технологиялары;

VII балалар менен индивидуал ислеў технологиялары (үлгермеўши балалар, тәрбиясы аўыр балалар, зийрек балалар менен ислесиў, жеке жәрдем бериў хәм б.);

VIII тәрбиялық ислерди режелестириў, талқылаў хәм баҳалаў технологиялары (режелестириў, қадағалаў, талқылаў, баҳалаў, коррекция қылыў).

Жоқарыдағылардың барлығы улыўма тәризде педагогика пәниндеги сабақларында үйрениледи. Усы курстың лаборатория сабақларында биз оларды тереңирек үйренемиз. Лекин бир нәрсени бәрқулла умытпаўымыз керек, баслаўыш класс балалар тәрбиясының мақсети хәм ўазыйпалары табыслы қолланыўы педагогикалық технологияларды анық ўазыйпаға муўапық туўры таңлаўға хәм оларды дөретиўшилик менен әмелде қолланыўға байланыслы.

## 3. Тәрбия процесинде бирге ислесиў педагогикасының принциплерин қолланыў

Баслаўыш класс балаларын тәрбиялаўда заманагөй, биргеликтеги педагогиканы әмелде қолланыўды оқытыўшыдан талап қылады.

Биргеликте ислесиў педагогикасының мәниси - тәрбия процесиниң пайдалы нәтийжелерине ерисиў мақсетинде шаңарақлық хәм социал тәрбияны бирлестириў, педагог хәм ата-аналардың тәрбиялық тәсирин күшейтириў.

Буннан тысқары, оқытыўшы хәзирги заман балаларын өз жәрдемшилерине айландырыў талабын есапқа алыў керек.

Усы менен биргеликте ол тәрбиядағы дизимниң бәрше қатнасыўшыларын тәрбиялық ислерге тартыў керек. Буны есапқа алған ҳалда баслаўыш класс оқытыўшы биргеликте тәрбиялық ислериниң төмендеги тийкарғы принциплерин билиў шәрт:

1-биргеликтеги ислериниң мақсет, ўазыйпалар, тийкарғы бағдарларының анықлығы;

2-тәрбия процесинде балаларға қойылатуғын талаплардың бирлиги;

3-тәрбияда миллий хәм улыўма инсаныйлык кәдириятлардың үстинлиги;

4-улыўма максетке ерисиў ушын алып барылатуғын биргеликтеги әмелий хызметиниң уйғынлығы хәм үзликсизлиги;

5-балаларға исениў.

Бул принциплерди әмелде колланыў ислери төмендеги бағдарлардан ибарат болыўы мүмкин:

А)-белсенди оқыўшылар хәм класс жәмәәти менен биргеликтеги ислер;

Б)-класста сабак алып барыўшы оқытыўшылар менен педагогикалык биргелик;

В)-балалардың жәмәәтшилик менен биргеликтеги ислер;

Г)-мәхәлле жәмәәтшилик менен биргеликтеги ислер;

Д)-мектептен тыскары оқыў-тәлим мәкемелери менен биргеликтеги ислери.

Демек, мектеп, шаңарак хәм жәмәәтшилик биргеликтеги балалар тәрбиясында тийкарғы шешиўши буўыны болып, бунда оқытыўшы-тәрбияшылардың шөлкемлестириўшилиги машкаласын жақсы шешиўши фактор болып есапланады.

## ЗАМАНАГӨЙ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАР ХӘМ БАСЛАЎЫШ КЛАСС ОҚЫТЫЎШЫСЫНЫҢ КӘСИПЛИК ШЕБЕРЛИГИ

1.Баслаўыш класс оқытыўшысының кәсиплик шеберлиги, онда педагогикалык технологияның туткан орны.

2. Педагогикалык техника хәм дөретиўшилик.

3.Алдыңғы (жаңа) педагогикалык технологияның әмелдеги сыпат көрсеткишлери.

**Таяныш түсиниклер:** педагогикалык шеберлик, педагогикалык технология, педагогикалык техника, педагогикалык дөретиўшилик.

**Беккемлеў ушын сораўлар:**

1. Оқытыўшының кәсиплик шеберлиги деген не?
2. Педагогикалык техниканың кандай бөлимлери бар?
3. Инновациялық педтехнология деген не?



### 1. Баслаўыш класс оқытыўшысының кәсиплик шеберлиги, онда педагогикалык технологияның туткан орны

Хәр бир мәмлекетте жокары кәнигели кадрларға баркулла зәрүрлик болған, мәмлекет системасы, күдиретин, оның материаллык хәм руўхыйлык жактан раўажланыўын илимпазларсыз ойлап болмайды.

Ғәрезсиз Өзбекстанның саламат жас әўладлары, болажак ўатансүйиўшиликке тәрбиялаў яки баслы нәтийжеде оқытыўшының жуўапкершилигине байланыслы. Ол тек ғана билимли балаларды емес, бәлки ең алды менен усы билимди ийелеўди өзиниң миннети деп билиўши миллий кадрларды кәлиплестириўге жуўапкер. Бул республикамыздың миллий келешеги, идеологиясы мектеп алдына койып турған актуаль буйыртпа. Буның ушын Өзбекстан оқытыўшысы тек ғана математика, әдебият хәм баскаларды кең хәм терең билиўи, бәлки тәрбиялык процестиң шебер шөлкемлестириўшиси бола алыўы керек.

Оқытыўшылык таланты, кәнигеликке кызығыў тәсири хаккында сөз еткенде муғаллимлерди шәртли түрде 3 топарға бөлемиз. Излениўшең, дөретиўши оқытыўшылар биринши топарды курайды, 2-топарға қайта курыўға марапаты болса өз ўазыйпасын неден баслаўды билмей кыйналып атырған оқытыўшылар киреди.

Тәлим исине тосаттан кирип калған оқытыўшылар 3-топар ортасында хызмет көрсетеди.

Мектеп халық билимлендириўи ишинде I топарға кириўши, толык мәнили дөретиўши муғаллим шешиўши күш болып есапланады.

Сабактың билим бериўдеги ролин сезген хәр бир педагог шынығыўға пухта таярланып, тынбай изленип, оқытыўдың жаңа усылларын жаратып, мектеп тәлимин коллап-қуўатлаўға умтылады. Усы жол менен 45 минут сабактағы жаңалыкты өз оқыўшылары санасына сиңдиреди. Бундай пидайы инсанлар жеке дөретиўшилик кәбилети, креативлиги хәм бай тәжирийбеси менен тәлим процесин байытыўға мүнәсип үлес косады.

Оқытыўшы арттырған тәжирийбесин сабак бериў процесинде колланыўы менен жокары педагогикалык мәденияттың анык сәўлелендире билиўи керек. Бирак базы бир оқытыўшыларда исбилерменлик, сиясий билим жетиспейди. Жәмийет мәденияты болмас екен, әдепикрамлылык та болмайды. Әдеплилик, жыйнаклылык, мәденият болма-

са, социал - экономикалық, әдеп-икрамлылық нызамларға бойсынбайды, заманагөй илим болмаса тәлим раўажланбайды. Мәдениятты раўажландырыў - жәмийетти руўхыйлық тәрепинен жаңалаўдың өлшеми. Солай екен, заманагөй билимлендириў системасының пайда болыўында оқытыўшының профессионал мәдениятын өсириў зәрүр тәрбиялық әхмийетке ийе.

Тәлим-тәрбия процесин инсаныйластырыўды педагог тәлимниң бөлегине айландырыўда оқытыўшы руўхыйлық әдеп-икрамлық көриниси жетекши орын тутады. Оқытыўшы хызметиниң усы бағдары, оның педагогикалық билим хәм шеберлиги менен бирлесип барыўы лазым. Усы себепли оқытыўшыларды таярлаў мазмуны оларды кәсибий мәдениятты менен тығыз байланыслы. Усы талапларға ерисиў ушын нелерге итибар бериў керек? Буның ушын биринщиден, оқытылып атырған пәнлердиң атамаларына белгили өзгерислер киритиў, екинщиден, олар мазмунын байытыў, үшиншиден, оқыў предмети ушын ажыратылған таярлаў методикасын байытыў лазым.

Дөретиўши оқытыўшылар хызметинде улыўмалық соннан ибарат, ең алды менен олар:

- үзликсиз, тығыз педагогикалық хызметке ийе болады, оқытыў мақсетлери, мазмуны, форма, метод хәм қуралларына өз ара байланыслылығын жүзеге шығара алады;

- бала тәрбиясының раўажланыў жолында шаңарақ, мектеп, жәмәәтшилик хызметлерин муўапықластырып алады, жәмәәтшилик арасында мектеп абройының жоқарылыўына умтылады;

- баланың руўхылық дүньясы, оның саламатлығына барқулла итибар береди, оның шаңарақ шараятын жақсы үйренеди, баланың билим имканиятларын хәм тәлимның тәрбиялық тәсирин оқыўшы нәтийжели қабыллаўға таярлық дәрежесин анықлайды. Оқыўшылар жәмәәтиның хәр бир агзасын өз теңлеслери сыяқлы көре алады;

- өзлери оқытатуғын предметлерди хәр тәреплеме хәм тийкарлы ийелеўге умтылады, оларды инсаныйластыра алады хәм пәнге енгизе алады;

- тәлим-тәрбия процесинде кең тарқалған алдыңғы педагогикалық технологияларды қолланады;

- өзлериниң педагогикалық хызметлери нәтийжелерин хәм кәсиплеселери тәжирийбелерин критикалық көз-қарастан баҳалай алады;



- тәлим-тәрбия процеси ушын зәрүр болған материаллық, руўхыйлық, психологиялық, гигиеналық хәм эстетикалық шараятлар жаратыў үстинде тынбай ғамқорлық қылады хәм т.б.

Дөретиўши оқытыўшылар өз хызметиниң пайдалы нәтийжелерине педагогикалық технологиясыз ерисе алмайды, жоқарыда саналған ис бағдардары қыйын болып, олар хәр турли қыйлы алдыңғы педагогикалық технологиялардан пайдаланыўды талап қылады.

Алдыңғы педагогикалық тәжирийбеде, төмендеги факторлар тәлим процесинде жаңа педагогикалық технологияларды қолланыўға тийкар жарата алады:

1-оқыў материалларын тәлим процессине киргизилген хәр бир жаңалық мзмунына сәйкес тәризде тәжирийбе берилиўин тәмийинлеў;

2-тәлим процесин тәлим тараўлары мақсетине бойсындырыў хәм тәлимде мақсетлер теңлигин тәмийинлеў;

3-тараў бойынша оқыўшыларда пайда болатуғын көникпе хәм еплиликлердиң анық дәрежелерин хәм нәтийжени баҳалаў ислерин тийкарғы параметрлер бойынша ислеп шығыў.

## 2. Педагогикалық техника хәм дөретиўшилик

Жаңа педагогикалық технология хаққында пикир жүриткенимизде екенмиз, «педагогикалық дөретиўшилик» пенен «педагогикалық шеберлик» түсиниклериниң өз ара мүнәсибетин талықлаўымыз лазым.

Педагогикалық дөретиўшилик - илим хәм өнердиң тутаслығынан ибарат. Педагогикалық дөретиўшилик хызмети сыпатында жаңалық жаратыў болып, өзиниң тәкирарланбас социаллық мәниси менен ажыралып турады. Педагогикалық дөретиўшиликтиң өзине тәнлиги, бийтәкирарлығы сонда, оның жуўапкери сыпатында инсан шахсы кәлиплеседи.

Педагогикалық шеберлик өз ишине педагогикалық техниканы қамтып алады. Педагогикалық техника оқытыўшыға тәлим-тәрбия хызметинде зәрүр болған улыўма педагогикалық көникпелер мазмунын өз ишине алады.

Педагогикалық техниканы ийелеўи оқытыўшының ең жақсы тәрбиялық тәсир көрсете алыўын тәмийинлейди. Ол оқытыўшының күшин, ўақтын режелестирип, дөретиўшилик ислеўи ушын шараят жаратады.

Педагогикалық техника педагогикалық шеберликтин ең зәрүр, нәзик бөлеги есапланған сөз бенен, тәсир көрсете алыўды ийелеўин талап етеди.

Педагогикалық дөретиўшилик процесинде тәлим-тәрбия пүткиллей жаңаша катнас жасаў ислеп шығыў, жаңаша форма, методикалық қуралларды жаңаша ўазыйпалар талабы тийкарында раўажландырыў теориялық хәм методикалық жуўмақларды педагогикалық процесске қолланыў сыяқлы баскышларды өз ишине алады.

«Педагогикалық дөретиўшилик» хәм «педагогикалық шеберлик» түсиниклери бир-бирине жақын болып, бирақ олар бирдей уғым емес.

Шебер хәм өз исиниң устасы дегенде, өз кәсибин идеал үйренген оқытыўшы түсиниледи. Шеберлик үлкен тәжирийбе менен терең теориялық билим тийкарында қәлиплеседи. Дөретиўшилик пенен ислеў дегенде хәр қандай жас, еле педагогикалық шеберлик шыңына жетпеген оқытыўшыны түсиниў мүмкин. Дөретиўшилик ислеў тәлим-тәрбия сыпатын жақсылаўға умтылыўшы оқытыўшылардың излениўлеринен ибарат болыўы мүмкин.

### 3. Педагогикалық технологияларының сыпат көрсеткишлери

Тәлим технологиялық бағдарда көриўдиң улыўма өлшеми-оның анық белгиленген мақсетке бағдарланғанлығы. Бул халатта хәр бир мақсетти әмелге асырыў айрықша нызамлылық, процесс, избе-излик хәм оған сәйкес әмеллер жыйындысы бар болыўы тийкар етип алынады. Педагогикалық технологиянын қураллы бағдарланғанлығы оның түрли методикалар тийкарында түрли тәлим системаларин көриўдеги кең имканиятларын белгилеп береди. Бунда тәлимның қурамалы тәреплери, алдын ала, сырттан белгиленген мақсетлерге ерисиў усылы сыпатында қаралады. Сәйкес рәўиште әмелге асырылған талап етилетуғын процесслер талқыланыўы хәм оларды сайлаў оқыў хызмети мазмунын есапқа алмаған халда алып барылады.

Тек ғана педагогикалық технология ортасында анықлап алынатуғын мақсетлерди эмпирикалық талқыланыўы бериледи.

Тәлим мақсетлериниң ажыратылған талқыланыўы «технологиялық» исленбелеринин дидактикалық тәрепинен толық болмаўы, эмпирик характерде болыўға алып келеди. «Технологиялық» катнас жасаўдың өзгешелиги усы шөлкемлестириўшилерди режелестирилген стандарт нәтийжелерге ерисиў мүмкиншилигин бериўши система сыпатында проектлениўи менен белгиленеди.



Тәлим мақсетлерин бахалаў өлшемлери хәм тәлим шараятларын қайталанбайтуғын пайда қылыўдағы имканиятларынан келип шығып, тәлим-тәрбия процесиниң тәрбиялық факторларға хәм «технологиялық» процесин кең енгизиў мүмкин. Бул тәрепинен педагогикалық технология тәлим хәм тәрбия ортасындағы парықты қысқартады. Оқыў-тәрбиялық процесин алдыңғы педагогикалық технологиялар менен тәмийинлеў ўазыйпасы тиккелей оқытыўшыдан дөретиўши хызметти талап етеди. Бул хызметти бахалаў ушын профессор Н.Сайидахмедов бир қатар көрсеткишлерди усыныс етеди. Усы қатарда:

1) педагогикалық нәтийжелик-оқытыўшы оқытқан класында оқыў предметлер бойынша өзлестириўдин орташа өлшеми;

2) оқытыўдың илимийлик дәрежеси;

3) тәлим мазмунын методикалық тәмийинлеў;

4)тәлимде ол яки бул нәтийжени қолға киритиў жолларынан нәтийжели пайдаланыў;

5) оқытыўшы хызметиниң технологияланыўшылығы хәм т.б.

Н.Сайидахмедов жана педагогиканың сыпат көрсеткишлери қатарына төмендегилерди киритеди: илимийлик, заманагөйлик, оқытыўшы хәм оқыўшының дәстүрли хызмети, хабар технологиясы хәм техникалық қураллардан пайдаланғанлық дәрежеси, жетерли материаллық-техникалық база.[1]

Оқытыўшылардың миллий тәрбия сыпатында хызмет модели, көрсеткишлерин тийкарлаў зәрүрлиги туўылады.

Усы көрсеткиштиң төрт дәрежеден ибарат өлшемлери белгиленеди. өлшемлер жоқары, жақсы, қанаатландырарлы, пәс формасында болады. Педагогикалық хызмет нәтийжелигине тәсир ететуғын факторлар:

а) класс басшысының (оқытыўшысының) миллий тәрбиялық ислерин алып барыўға теориялық, методикалық, технологиялық бағдарланғанлық; б) кәсиплик хәм жеке зәрүр сыпатларының қәлиплескенлиги хәм дөретиўшилик болып шығады.

[1] Сайидахмедов Н. Оқытыўшы хызметиниң технологияланыўшанлығы. – «Халық тәлими», 1999 й. №5. 80-83 бет.

Сондай жуўмақ шығарыў керек, бүгинги күн талапларынан бири оқытыўшыларды тек ғана заманагөй билимлерге ийе болыўын емес, бәлки миллий тәрбияланғанлық дәрежесин де нәзерде тутыўы зәрүр. Сонда ғана оқытыўшылар хәр тәреплеме, кәмил инсанларды тәрбиялап камалға келтиреди.

## 4.Баслаўыш мектепте алдыңғы педагогикалық технологиялардан пайдаланыў шараятлары хәм әхмийети

Ақырғы ўақытларда «педагогикалық технология» түсиниги менен бир қатарда «инновация» түсиниги де кең орын алған.

Бул түсиник «жаңалық», «реформа» мәнисин билдиреди. Кең мәниде қарағанда, тәлим-тәрбия системасындағы хәр қандай озгериўбул педагогикалық инновация. Бүгинги күнге келип педагогика инновация пәни кәлиплести.

Педагогикалық инновация - педагогикалық жаңалықлар, оларды бахалаў хәм педагогикалық жәмәәт тәрепинен өзлестириў, оны әмелиятта қолланыў хаққындағы тәлиймат сыпатында қаралады.

Хәр қандай педагогикалық жаңалық тийкарында қандай да бир идея жатады. Мысалы, тәжирийбели оқытыўшы С.Н.Лисенкованың хәр қыйлы дидактикалық мәселелердиң түп мәнисин жаңа оқыў материалын алдынан үйрениў идеясы қурайды. Бул идея тийкарында оқытыўшының балалар менен өз ара хәрекети жатады: класста психологиялық бирлик жаратыў хәр бир оқыўшы өз шахсын өзи көрсетиўин тәмийинлеў; хәр бир методикалық қатнас жасаў ушын өзине тән сөйлесиў жолын таңлаў; оқытыўшылар билимин бир орында басқарып барыў. Ол хәр бир оқыўшы қәлбине, оларды түсинип жетиўге өзиниң дидактикалық усыллары, қурамалы формалары арқалы жол табады. Сабақтағы оқыўшылар хызметине тек ғана оқытыўшы емес, бәлки оқыўшылар да басшылық қылады. Алдын айрықша оқыўшы, соң басқа оқыўшылар хәм оқытыўшы тапсырмасына көре қандай ис қылғанын айтады хәм қалған оқыўшылардыда бағдарлайды хәм булл оқыўшы мектепке қәдем қойған күннен басланыўы керек.

«Таяныш блоклар хәм сигналлар дөретиўшиси» деп танылған В.Ф.Шаталовтың сабақларында оқыўшы шахсын жүзеге шығарыўшы, оның кимлигин, нелер қолынан келиўин тастыйықлаўшы дидактикалық ойынларға кең орын берилген.

Андижанлық тәжирийбели оқытыўшымыз М. Абдрасулов оқытыўшыларды жақсы оқығаны ушын қандай хошаметлегенлигин бир еслейик. Соған уқсас «педагогикалық бирге ислесиў» ямаса «оқытыўшы-оқыўшы мүнәсибетлери» идеяларын еслейик. Соның менен бирге «логикалық тестлер» (Самарқанд химия пәни оқытыўшысы П.Каримов), «Тәлимий жарыслар» (Хорезмлик математика оқытыўшысы У.Қўчқарова) хәм соған уқсас идеяларды еслейик.

Булардың хәммеси дидактикалық ойынлар, педагогикалық изертлеўлер, бир сөз бенен айтқанда, яки жаңа алдынғы педагогикалық технологиялар.

Педагогикалық технология қалай етип, қандай усыллар менен оқытылса, нәтийже жақсы болады, деген сораўға жуўап береди. Педагогикалық технологияның басқарыўшаңлығы соннан ибарат, бунда тәлим процессин режелестириў, диагностикалаў, нәтийжесин шығарыў, дүзетиў жүритиў имканиятлары бар. Бунда тәлимде күтилген нәтийжеге ерисиледи, ўақыт тежеледи, бул педагогикалық технологияның нәтийжелилиги болып саналанады. Педагогикалық технологияның тастыйқланыўшылығы (валидлиги) ислеген модел басқа педагоглар қоллағанда да сондай пайда-нәтийже бериў кереклигин билдиреди. Бир сөз бенен айтқанда, тәлим процесине жаңаша жантасыў, дөретиўшилик, қурыўшылық енгизилсе, тәлим пайдасы жаңа басқышқа көтериледи, яғный:

-баланың талабы, бейимлесиўшилиги, истек-қәлеўи оның имканиятлары дәрежесинде қанаатландырылады;

-оқытыўшының оқыў мийнетине жуўапкерлиги хәм миннети асады;

-билимлерин өзбетинше ийелеў көникпелери қәлиплеседи;

-ол өмир бойы өз билимин өзи ғана байытыўға исеним пайда болады;

-еркин пикирлеў көникпеси қәлиплеседи;

-шахс жәмийетте өзиниң орнын тез таўып алыўға орталық жаратады.

Буның ушын оқыўшыға «сен буны билиўиң керек» деген мәжбүрлеўши шақырығын «бул маған зәрүр хәм мен буны билиў, «оны турмы-

ста колланыў колымнан келеди» деген ишки исеним хәм умтылыўын оятыўға өтиўимиз керек.

Н. Сайидахмедовтиң пикиринше, хәзирге шекем оқытыўшылар бир қатар халларда методиканы технологиядан парықлай алмайды.

Оқытыўшының нәтийжеси бир неше элементлер жыйындысына байланыслы. Бундай элементлерден бири-оқыў пәнлерин өзлестириўи.

Оқыўшы оқыў материалларын өзлестириў хызметине хәр қандай мысалларды шеше алатуғын проф. Н.Сайидахмедов төмендеги 4 дәрежеге бөлип қойды :

I дәреже: сырткы көрсетпе тәсириндеги хәрекет. Бул хызметти шәртли түрде таныслў дәрежеси деп атайды.

II дәреже: есте саклаў тийкарындағы хәрекет. Бул хызметтиң алгоритм дәрежеси деп аталған.

III дәреже: стандарт емес ўақыялардағы өнимли хәрекет. Бул хызметтиң эвристикалық дәрежеси деп аталған.

IV дәреже: хызметтиң жаңа қырларын изертлеўши өнимли хәрекет. Бул хызметтиң дөретиўшилик дәрежеси деп аталған.

Соның ушын оқыў материаллары өзлестириў сыпаты бойынша тәлим мақсетлерин диагностикалаўшы өзлестириўдиң зәрүрлик дәрежелерин анықластырыўды талап етеди.

Тәлим-тәрбияны технологияластырыў объектив процесс екенлигин, заманагөйлигин илимий-техникалық раўажланыў бағдары менен белгилеўди тән алынған халда педагогикалық технологияның өзине тән тәреплери хәм жақын келешекте ол менен байланыслы ўазыйпаларды көрсетип өтемиз:

-келешекте оқытыў хәм тәрбиялаў қуралларын жаратыў хәм оларға таянған халда алдыңғы педагогикалық технологияларды проектлеў, әмелиятқа енгизиў, әмеллестириў хәм нәтийжесин анықлаў;

-педагог-оқытыўшыларды алдыңғы педагогикалық хәм хабар технологиялары бойынша жаңа билимлер дизими менен қуралландырыўды үзликсиз шөлкемлестириў;

-алдыңғы оқытыўшылар хәм тәрбияшылар ис тәжирийбелери хәм усылларын үйренип барыў, олар дөреткен жаңа методикаларды жаңа педагогикалық технология дәрежесине көтериў барасында жумысларды әмелге асырыў.



Жуўмақлап айтқанда, заманогой педагогикалық технология-тәлим процесинде хүким сүрип атырған кризистен қутылыўдың тийкарғы хәм бас өлшеми.

## ТЕМА: Баслаўыш билимлендириўде интерактив методлар хәм олардың колланыўы

1.Интерактив методлар хаққында түсиник.

2. Баслаўыш билимлендириўде интерактив методлардан пайдаланыў.

3. Баслаўыш билимлендириўде интерактив методларда қоллаў мәселелери.

**Таяныш түсиниклер:** интерактив, оқытыў процеси, метод, педагогикалық шеберлик

**Беккемлеў ушын сораўлар:**

1.Метод дегенимиз не?

2. Методтың технологиядан айырмашылығы неде?

3.Баслаўыш билимлендириўде қандщай методлардан қолайлы?

Хәр қандай дәўир инсанның алдына өз талапларын қояды ал инсан болса оларға жуўап бериўи тийис. Бирақ талаплар да, өз гезегинде тараўларға бөлинип бара береди. Бул өмирдиң турақлы нызамларынан бири.

Хәр бир адам өз мәмлекетиниң пухарасы екенлигин сезиниўи, оның өзине берип қойылған хуқық хәм еркинликлерине саналы мүнәсибетте болыўы хәм қәдирлеўи, машақатлы мийнет пенен қолға киргизилген демократиялық қәдириятларды абайлап-асыраўы хәм қорғаўы оғада әхмийетли»[1].

Оқытыў процесинде пәнлерди оқытыўда жаңа заманагөй педагогикалық технологиядан пайдаланыў дәўир талабына айланбақта. Заманагөй билимлендириўди шөлкемлестириўдеги әхмийетли талаплардың бири артықша руўхый хәм физикалық күш сарпламастан, қысқа ўақыт ишинде жетик тәжирийбелерге ерисиў болып табылады. Усы қысқа ўақыт ишинде оқытыў процесинде пәнлерди оқытыўда педагог тәрепинен оқытыў процессинде теориялық билимлерди оқыўшыларға жеткерип бериўде қолайлы усылларын пайдаланыў ушын

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдидлар, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари, Т., 1997, 225-226-бетлер

тəлим бериўшиден үлкен педагогикалық шеберликти, дөретиўшиликти, билимдиликти талап етеди.

Дүньяға белгили раўажланған мəмлекетлерде, соның менен бирге бизиң Республикамызда да жоқары педагогикалық шеберликке ийе, билимли, тəжирийбели оқытыўшылар тəрепинен оқытыў процесинде пəнлерди оқытыўда заманагөй педагогикалық технологияға тийкарланған жаңаша методлар ойлап табылып, тəжирийбе сынаўларын өткерип атыр. Усы тəжирийбелер тийкарын шөлкемлестириўши методлардан бири-бул дəстүрий емес сабақларды оқытыўдың интерактив методы болып есапланады.

Билим бериў саласында интерактив усылларға, жаңа педагогикалық хəм хабар технологияларын оқыў процессинде қолланыўға итибар күшейип бармақта. Күнделикли сабақ барысында оқыўшы дыққаты бүгингидей тек таяр билимлерди ийелеўге қаратылып ғана қоймастан, заманагөй технологиялардың иске түсиўи менен олар ийелеп атырған билимлерин өзлери излеп табыў мүмкиншилигине, нəтийжелерин өзлери тексерип көриў имканиятына ийе болды. Оқытыў процессинде оқытыўшы бул процессте оқыўшылардың ой-өрисинин раўажланыўына, билим алыўы хəм тəрбияланыўына жағдайлар жаратады, усы арқалы өзинин де басқарыўшылық хəм бағдарлаўшылық уқыбы жақсыланады.

Билимлендириў нəтийжеси оқытыў усылларынан ғəрезли екенлиги хəммемизге мəлим болса керек. Аўызеки, монолог, гүрриң, түсиндириў оқыў усылларынан пайдаланылса оқыўшылар мағлыўматтын 5%ин еслеп қалыўы анықланған.[1] Китап оқыў мағлыўматтың 10% ин есте сақлап қалыўға, ал көргизбели қурал, сүўрет, видеофильмлерди көриў мағлыматларды 20% ин өзлестириўди тəмийинлейди. Проектлеў усылы хəм исбилерменлик ойыны ең нəтийжели болып, бунда оқыўшылар мағлыўматтың 57% ин есте сақлап қалады. Оқыў-əмелий шынығыўлардың оқыўшылар тəрепинен биргеликте алып барылыўы мағлыўматты 90% өзлестириўге мүмкиншилик береди. Солай екен, оқытыў процессинде пəнлерди оқытыўда интерактив методлардан нəтийжели қолланыў оқыўшылар хəм студентлердиң билимлерди терең өзлестириўине алып келеди.

Өзбекстан Республикасының Биринши Президенти

[1] Мадмуратов Т., Камалиддинова М. Инновацион педагогик технология асослари ва уни таълим-тарбия жараёнида қўллаш. Т.: Таълим, 2012 й., 8-б.



И.А.Каримовтың атап өткениндей: Сабақ арқалы «биз өзимиздиң зейинли, пидайы балаларымызға, перзентлеримизге билим хəм кəсип сырларын ийелеў ушын қанат бериўимиз керек».

«Интерактив» сөзи инглис тилинен алынып, «интер» «биргеликте», «акт» «хəрекет етиў» деген мəнислерди билдиреди. Бул түсиник педагогикалық хызметте интерактивлик өзара биргеликте хəрекет етиў, бирге ислесиў, пикир алысыў, биргеликте өзлестириў мəнилеринде қолланылады. Интерактив оқытыў биринши гезекте оқыўшылардың өз-ара бирге ислесиўи, бир-бирине үйретиўи арқалы билимлерди өзлестириўине тийкарланған педагогикалық искерликти аңлатады. Интерактив оқытыў усыллары оқыўшылардың билим алыў мүмкиншилигин, олардың белсенделигин раўажландырады.

Оқытыў процесинде пəнлерди оқытыўда интерактив методты қолланыў барысында материалды түсиндириўде оқыўшыларға мағлыўматты таяр халында берместен, керисинше оқыўшылар сол мағлыўмат хаққында өзлери изленеди. Оқыўшылардың өзлери қойылған машқалалы жағдайды яки оқытыўшы тəрепинен берилген тапсырманы өз бетинше, жəмəəт пенен биргелесип қойылыўынан мəселениң жуўабын ойлап табыўға, излениўге, үйрениўге хəрекет етеди.

Оқытыў процесинде пəнлерди оқытыўда дəстүрий емес сабақларды оқытыўдың интерактив методынан пайдаланыўдың əхмийети соннан ибарат, оқыўшылардың билим дəрежеси артады, барлық оқыўшылар билиў процесиниң актив қатнасыўшысына айланады, қурамалы машқалалы жағдайды шешиў, терең ойланыў, сана асты менен пикирлеўге , өз пикирин еркин жеткере билиўге, хəр қыйли тренинглер, мағлыўматлар менен өтилген сабаққа айрықша қызығыўшылық пенен қараўға, шөлкемлестириў, бəсеки, тапқырлық хəм тағы басқа улыўма алғанда бир текли сабақ формасына қарағанда машқалалы оқытыўдың күтилген нəтийже беретуғын шешимлериниң бири болып табылады.

Интерактив оқытыў технологиясында жеке бир оқыўшының шығып сөйлеўи, бир пикирдиң үстинлигин шеклейди. Билим алыў барысында хəр ким өз пикирин сын көз бенен айтыўға хəм тийисли мағлыўматларды анализ етиў тийкарында қурамалы мəселелерди шешиўге, қəте пикирлерди сапластырыўға, терең ойлап көрилген шешимлерди қабыл етиўге, дискуссияларда қатнасыўға хəм басқа адамлар менен мəдениятлы қарым-қатнас жасаўға үйренеди. Бул мақсетлерге ерисилиў ушын

сабакларда жеке, жуп хэм топар жумыслары шөлкемлестириледи. Изертлеў проектлери, хүжжет хэм хэр қыйлы мағлыўмат дереклери менен жумыс алып барыў, дөретиўшилик жумыслары әмелге асырылады.

Оқытыў процесинде пәнлерди оқытыўда интерактив методларды пайдаланыў барысында оқыўшыларды өз бетинше билим алыў шеберлигине үйретиў, билимди өзлери излеп табыўға әдетлендириў, өз бетинше еркин пикирлеўге, шешим қабыл етиўге хэм оны әмелге асырыўға көнликтириў, әмелий хэм дөретиўшилик жумысларды саналы және жеделли түрде орынлаўға шынықтырыў, жәмәәт болып бирге ислесиўге үйретиў баслы машқала есапланады. Бул ўазыйпаларды әмелге табыслы асырыўда хэр түрли дәстүрий хэм дәстүрий емес сабақ түрлери, оқытыў қураллары хэм методлары қолланылады. Солардан бири интерактив методлар болып есапланады.

Жаңа педагогикалық технологияға тийкарланған дәстүрий емес сабақларды оқытыў бойынша интерактив метод түрлери оғада көп.

Солай екен, педагогикалық технология әмелиятта орынланатуғын белгили бир педагогикалық система жойбары екенлиги көпшиликте үлкен қызығыўшылық оятады. Сабақ процесинде теманы анализ қылыў, дене хэм хәдийселерди салыстырып үйрениў оғада айрықша дыққатты талап етеди. Оқытыўшы анализ жәрдеминде ўақыя хәдийселерди бөлеклерге ажыратып, тәреплерин пикирлер арқалы бирлестириў, бир пүтин халға келтирип сөйлеў арқалы дәлиллейди. Анализ хэм салыстырыў бир-бири үзликсиз байланыслы. Синтезли анализ процеси тема яки ўақыя-хәдийселерди бөлеклерге бөлип, яғный пикирлерди бирлестириў болып табылады. Интерактив сабақларда мәселениң мине усы тәрепи жәнеде синтез усылы ең қолайли сабақ процесин тәмийинлейди.

Оқытыў процессинде пәнлерди оқытыўда интерактив методлардан пайдаланыў барысында оқыўшылардың жас өзгешеликлерине, психологиялық қәсийетине, билим дәрежесине итибар бериў орынлы болады. «Ақылый хүжим», «Киши топарларда ислеў», «Синквейн» «Б.Б.Б усылы» (Билемен, билиўди қәлеймен, билип алдым) «Тест» усылларынан пайдаланыў утымлы болады.

Оқытыў процесинде пәнлерди оқытыўда хәзирги күнде төмендеги методлар унамлы тәсир көрсетпекте: Олардан «Ақылый хүжим», «Класстер», «Пикирлер тартысы», «Синквейн», «Диаграмма вена», «Пикирлер хүжими», «Глобал» тәлим тараўы тийкарындағы «Ўақыт стули», «Сүўретлерге мүнәсибет», «Яд шынжыры» х.т.б методлар.



Бир қатар раўажланған мәмлекетлерде топлаған тәжирийбелер, интерактив методлар жеке тийкарда шөлкемлстирилиў барысында педагогикалық технология үлкен нәтийже береди. Республикамыз тәлим системасында интерактив методлар, сабаққа жаңа педагогикалық технология тийкарында жантасыў, тәлим-тәрбия процесинде тоериялық хэм әмелий билимлерин бериўдиң жаңаша усыллары усыныс етилген. Усы тәлим-тәрбия процессине «интерактив методлар» аты менен кирип келип атырған бир қанша методлар хаққында айтып өтпекшимен.

«Ақылый хүжим» методы қандай да бир тема бойынша берилген машқалаларды шешиўде кең қолланылатуғын метод болып, қатнасыўшыларды машқала бойынша кең хэм хэр тәреплеме пикир жүритиў хэм де өз ой-пикирлери, идеяларынан унамлы пайдаланыў барысында белгили бир көнликпе хэм де билимилерин пайда етиў. Бул методтың мақсети оқыўшылардың белсендилигин асырыў, оларды еркин пикир жүритиўге бағдарлаў, хэммени бир түрде пикирлеўден азат етиў, хэр қыйлы пикирлерди топлаў хэм мәселеге дөретиўшилик пенен жантасыўды тәмийинлеўден ибарат. «Ақылый хүжим» методы А.Е.Осборн тәрепинен усыныс етилген. Оннан пайдаланғанда оқыўшылар алдына олардан ақылый жақтан шешиў ушын мәселелер, қандайда бир машқала бойынша жумбақларды шешиўге имканият туўылады. Оқытыў барысында бул методтан нәтийжели пайдаланыў төмендеги басқышларда әмел асырылады:

1. Қатнасыўшыларды өзлерин еркин тутыўына имканият жаратыў.

2. Идеяларды жазып бериў ушын жазыў тахтасы яки бетлерди таярлап қойыў.

1. Шешилиўи лазым болған машқала анықланады.

2. Жарыс барысында әмел қылыў лазым болған шараятларды белгилеў, топардың руўхый дәрежесин үйрениў хэм жағдайға қатнас:

А) Оқыўшылар тәрепинен билдирилеген хэр қандай идея бахаланбайды.

В) Идеялардың хэр түрли көп муғдарда болыўына әхмийет қаратылады.

Г) Басқалар тәрепинен билдирилип атырған пикирлерин ядта саклаў, олардың пикирлерине таянған халда қатнасына жаңа пикирлер

билдириў, усы пикирлер тийкарында кандайда бир жуўмакка келиў сияклы жағдайда оқыўшылар тәрепинен орынлаўға ерисиў.

3. Қойылған машкала бойынша пикирлер соралады хәм жазып барылады.

4. Белгили бир кағаз бетлери идеялар менен толғаннан кейин, оларды тахтаға қыстырыў.

5. Билдирилген пикирлерин анык катнас хәм жаңа идеялар менен байытыў тийкарында қоллаў.

6. Басқалар тәрепинен билдирилген хәр бир пикир үстинен кадағалаў орнатыў, яки хэзил етиўге, оларга байланыслы корғаўшы тәрийплер хәм шәртлер билдириўге жол қойылмаслык.

9. Оқыўшылар тәрепинен жаңа идеяларды билдириў даўам етер екен, машқаланың жеке шешимин таўып дағазалаўға имканият жаратыў. Оқыўшыларды хошаметлеў.

Солай етип, Өзбекистан Республикасы аймағында барлық тәлим мекемелеринде, соның ишинде баслаўыш классларда педагогикалык инновациялар мәселеси тәлим системасындағы ең актуал мәселелерден болып турыпты. Өйткени хәр қандай инновацияның максети баланың санасы жетилистириў, онда жетик сана, озык ой, терең пикир хәм жетик кәблийетти кәлиплестириў есапланады. Соңлыктан хәр кандай тәрбияны бала ана курсағында ўактынан баслап берилиўи керек болғанындай, тәлим-тәрбияда инновацияларды ўактында хәм өз орнында тийислисинше қоллана билиў биз – болажак педагоглардың тийкарғы жумыс стилимиз болыўы тийис.



# ГЛОССАРИЙ

Шахс - кадрлар таярлаў системасының бас субъекти хәм объекти, бибимлендириў тараўындағы хызметлердиң иске асырыўшы хәмоларды әмелге асырыўшы.

**Мәмлекет хәм жәмийет** – билимлендириў хәм кадрлар таярлаў системасының искерлигин тәртипке салыў хәм анализлеў жумысларын әмелге асырыўшы кадрлар таярлаў хәм оларды кабыл етип алыўдың кепиллиги.

**Үзликсиз тәлим** – билимли жетилискен кадрларды таярлаўдынтийкары болып, билимлендириўдиң барлык түрлерин, мәлекетлик тәлим стандартларын, кадрлар таярлаў системасы хәм оның искерлик орталығын көрсетиўин өзишине алады.

Пән – жокары билимли кәнигелер таярлаўшы хәмолардан пайдаланыўшы, алдыңғы педагогикалык хәм хабар технологияларын ислеп шығыўшы.

Ислеп шығарыў – кадырларға болған зәрүрлити, сондай-ақ,олардың таярлык сыпатына койылатуғын талапларды белгилеўши тийкарғы буйыртпашы.

Инновация - Бул түсиник «жаңалык», «реформа» мәнисин билдиреди. Кең мәниде карағанда, тәлим-тәрбия системасындағы хәр кандай өзгериў-бул педагогикалық инновация. Бүгинги күнге келип педагогика инновация пәни кәлиплести.

Интерактив - сөзи инглис тилинен алынып, **«интер»** «биргеликте», «акт» «хәрекет етиў» деген мәнислерди билдиреди. Бул түсиник педагогикалык хызметте интерактивлик өзара биргеликте хәрекет етиў, бирге ислесиў, пикир алысыў, биргеликте өзлестириў мәнилеринде қолланылады.

## Пайдаланылған әдебиятлар


1. Каримов И. Жетилискен аўлад- Өзбекстан раўажланыўының тийкары - Ташкент, 1997й
2. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсагасида: хавфсизликка таҳдидлар, баркарорлик шартлари ва тараккиёт кафолатлари, Т., 1997, 225-226 бетлер
3. Өзбекстан Республикасы Билимлендириў ҳаккындағы нызам- Ташкент, 1997ж.
4. Өзбекстан Республика кадрларды таярлаў миллий дәстүри-Ташкент, 1997ж.
5. Баслаўыш тәлим концепциясы - «Баслаўыш тәлим» журналы. №6-1998 ж
6. Сайдахмедов Н. Жаңа педтехнология мәниси-«Халык тәлими» журнал. 1999, №5
7. Основы педагогического мастерства. Под.ред. Зязюна. М.,1989 год
8. Йўлдошев Ж.Г. Жаңа педагогикалық технология (бағдарлары, машқалалары, шешимлери).- «Бошланғич таълим» журналы,1999, №6 3-5 бет
9. Мадмуратов Т., Камалиддинова М. Инновацион педагогик технология асослари ва уни таълим-тарбия жараёнида кўллаш. Т.: Таълим, 2012 й., 8-б
10. Сайидахмедов Н. Оқытыўшы хызметинин технологияланыўшанлығы. – «Халык тәлими» 1999, №5. 80-83 бетлер
11. Х.М.Ибрагимов, Ш.А.Абдуллаева. «Педагогика» (дарслик) Ташкент. «Фан ва технология» нашиpёти-2007й.
12. Ж.Ғ.Йулдошев, С.А.Усманов. «Педагогик технология асослари» Ташкент, «Ўкитувчи» - 2004.




## МАЗМУНЫ


1. КИРИСИЎ…………………………………………………………… 3
2. Баслаўыш билимлендириўде заманагөй педагогикалық технология пәни, максети хәм ўазыйпалары…….. 4
3. 2. Баслаўыш тәлимде заманагөй педагогикалық технология максети хәм ўазыйпалары……………………………………… 6
4. 3. Баслаўыш тәлимде заманагөй педагогикалық технология курсының баска пәнлер менен өз ара байланысы……………………. 6
5. 2. БАСЛАЎЫШ ТӘЛИМДЕ ЗАМАНАГӨЙ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯНЫ; ИЛИМИЙ-ТЕОРИЯЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ….. 8
6. 2. Педагогикалық процесске қатнасықтың түрлери……………….. 10
А. Тәлим-тәрбияға тарийхый қатнас
7. Б.Педагогикалық процесске системалы қатнас……………….. 11
8. В.Тәлим-тәрбия процессине психологиялық қатнас……………….. 12
9. 3. Педагогикалық технологияның тийкарғы принциплери……… 13
10. БИЛИМЛЕНДИРИЎ ПРОЦЕСИНДЕ ҚОЛЛАНЫЛАТУҒЫН ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАР…………………………….. 15
11. 1. Заманагөй педагогикалық технология-тәлимди раўажлантырыўшы фактор…………………………………. 15
12. 2. Тәлим процесинде оқытыўшы-басқарыўшы, оқыўшы-атқарыўшы сыпатында…………………………………………….. 17
13. 3.Педагогикалық технология мониторинги………………………. 19
14. 4. Баслаўыш мектептиң билимлендириў процесинде айырым педагогикалық технологияларды қолланыў мәселелери………… 20

15. 4. ТӘРБИЯ ПРОЦЕСИНДЕ ҚОЛЛАНЫЛАТУҒЫН ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАР.................................. 24

16 1. Тәрбия процесин идеалластырыўда педагогикалық технологияның роли.................................................................. 24

17. 2. Тәрбиядағы педагогикалық технологиялар характери............ 26

18. 3. Тәрбия процесинде бирге ислесиў педагогикасының принциплерин колланыў.................................................... 27

19. ЗАМАНАГӨЙ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАР ХӘМ БАСЛАЎЫШ КЛАСС ОҚЫТЫЎШЫСЫНЫҢ КӘСИПЛИК ШЕБЕРЛИГИ.................................................................. 28

20. 1. Баслаўыш класс оқытыўшысының кәсиплик шеберлиги, онда педагогикалық технологияның туткан орны.......................... 29

21. 2. Педагогикалық техника хәм дөретиўшилик.......................... 31

22. 3. Педагогикалық технологияларының сыпат көрсеткишлери..... 32

23. 4.Баслаўыш мектепте алдыңғы педагогикалық технологиялардан пайдаланыў шараятлары хәм әхмийети........................... 34

24. ТЕМА: Баслаўыш билимлендириўде интерактив методлар хәм олардың қолланыў.......................................................... 37

25. ГЛОССАРИЙ.............................................................. 43

26. Пайдаланылған әдебиятлар.......................................... 44



*Дүзиўшилер:*

Зарымбетова Гулзира Көшербаевна - Баслаўыш тәлим кафедрасы оқытыўшысы

# Баслаўыш билимлендириўде оқытыўдың заманагөй педагогикалық технологияларын енгизиў жоллары

*(оқыў-методикалық қолланба)*

*Бас редактор: К.М.Қощанов*
*Тех.редактор: Е.К.Исмендерова*
*Корректор: А.М.Сарыбаева*
*Оператор: Н.Нысанбаев*

Әжинияз атындағы НМПИ редакция-баспа бөлими
Әжинияз атындағы НМПИ баспаханасында басылған. 2017-ж.
Буйыртпа №0324. Нусқасы 100 дана. Форматы 60х84. Колеми 3 б.т.
230105, Нөкис қаласы, А.Доспазаров көшеси-104. Реестр №11-3084